

FICH ENFÒMASYON SOU LIMON

KISA KI LIMON AN?

Limon yo se fòm mikwoskopik chanpiyon yo ki tounen koloni vizib anba bon kondisyon yo. Nou jwenn yo toupatou - anndan kou deyò pandan tout lane an. Deyò an, limon yo viv nan tè an, sou plant yo avèk sou bagay ki mouri oubyen ki an dekonpozisyon. Yon lòt mo pou limon ki kouran anpil se mwezi. Kwasans limon yo ankourage pa chalè ak imidite, byenke li kapab grandi nan fredi tou. Genyen plizyè milye espès limon epi yo kapab pran nenpòt ki koulè, tankou blan, jonabriko, vèt, mawon avèk nwa. Souvan, nou kapab detekte limon yo pa yon odè kanni. Prèske tout chanpiyon yo, menm jan avèk limon yo, prodwi selil mikwoskopik ki rele "espò" ki pwopaje fasilman a travè lè a. Espò vivan yo aji menm jan avèk grenn yo, nan fòme nouvo kwasans limon yo (koloni yo) lè yo jwenn bon kondisyon yo. Nou tout ekspose a espò chanpiyon yo chak jou nan lè n'ap respire an, deyò kou anndan.

KÒMAN LIMON YO FÈ RANTRE NAN YON KAY OUBYEN BATIMAN?

Prèske tout, si se pa ta tout, limon ke nou jwenn anndan yo sòti nan sous deyò yo. Anndan li ta sanble ke yo grandi epi tounen yon pwoblèm sèlman lè gen yon pwoblèm konsènan dlo an, gwo imidite oubyen bagay mouye. Tout limon bezwen imidite pou grandi. Sous komen imidite anndan kay lan ki kapab lakòz pwoblèm limon gen ladan li inondasyon, fuit nan tèt kay la avèk tiyo yo, imidite nan bezment yo oubyen nan vid sanitè yo. Nenpòt kote lè imidite konsantre sou sifas ki fè frèt yo kapab yon sous limon.

POUKISA NOU ENKYÈ KONSÈNAN LIMON?

Ti kantite kwasans limon nan kote n'ap travay lan oubyen nan kay yo pa sousi ki pi gwo an. Lè limon yo prezan an grann kantite, yo kapab lakòz odè nuizib avèk pwoblèm sante pou kèk moun.

KIJAN LIMON AFEKTE MOUN?

Prèske tout moun pa pral gen okenn reyakson lè yo ekspose anfas limon yo. Reyakson alèjik, ki sanble ak polenn oubyen alèji bét yo, san konte nen k'ap koule, zye k'ap grate w' avèk gratèl, se youn nan efè sou sante ki pi komen pou endividé ki sansib ak limon. Sentom grip, tankou tous, konjesyon, tèt fè mal avèk fatig kapab rive. Limon yo kapab agrave opresyon (asmatik) tou. Enfeksyon chanpiyon yo de fòmasyon asosye limon yo kapab rive nan moun ki gen de serye maladi iminitè, men sa vrèman ra. Prèske tout sentom yo tanporè epi yo elimine nan rezoud pwoblèm limon an.

KIYÈS KE EKSPOZISYON FAS A LIMON AN AFEKTE?

Pou sila yo ki afekte pa ekspozisyon ak limon, kapab genyen yon gwo varyasyon nan kòman yo reyaji. Kèk endividé pi sansib pase lòt yo. Kèk gwoup jeneral ki gen tandans pi sansib gen ladan li:

- Ti bebe avèk timoun
- Endividé ki genyen kondisyon respiratwa oubyen alèji avèk opresyon
- Moun ki genyen sistèm iminitè yo fèb (pa egzamp, moun ki fè enfeksyon VIH, pasyan kimyoterapi yo, ògan oubyen destinatè grèf mwèl zo, oubyen sila yo ki genyen maladi oto-imin yo)



Sila yo ki genyen sousi sou espesyal eta sante yo ta sipoze konsilte doktè yo si yo ta va gen sousi konsènan ekspozisyon fas a limon yo. Sentom yo ki ta sanble rive de ekspozisyon fas ak limon kapab rive tou pa kèk lòt koz, tankou enfeksyon pa bakteri oubyen virus oubyen lòt alèji.

ÈSKE LIMON KAPAB TOKSIK?

Kèk limon kapab pwodui sibtans toksik ki rele mikotoksin. Mikotoksin ki transpòte pa lè a pa parèt ke yo poze pwoblèm sou sante lokatè rezidansyèl yo oubyen batiman komèsyal yo. Efè sou lasante nan respire mikotoksin yo nou pa ko finn konprann yo byen epi yo aktyèlman sou etid.

KISA KI "LIMON NWA"?

Laprès kèk fwa fè referans ak "limon nwa" oubyen "limon nwa toksik." Li nòmalman konn asosye li avèk limon Stachybotrys chartarum, yon tip de limon vèt-nwa ki asosye jeneralman avèk gwo dega dlo. Efè sou lasante ke yo konnen yo sanble avèk sa lòt limon komen yo. Premye rapò efè ki grav yo te vinn anba dout aprè rechèch ki fèt aprè yo.

KISA MWEN TA DWE FÈ SI MWEN TA WÈ OUBYEN PRAN SANT LIMON?

Yon etap enpòtan epi trè itil nan rezoud pwoblèm limon an se pou idantifye epi repare sous imidite an ki lakòz kwasans limon yo. Pou ti kantite pwoblèm limon, nou kapab itilize detèjan avèk dlo pou retire limon sou sifas di yo. Klowoks tiye limon. Materyèl pèmeyab oubyen absòban yo (tankou kawo plafon yo, plak plat yo avèk kapèt yo) ki ka vinn mwazi ta dwe ranplase.

E KONSÈNAN TESTE BATIMAN AN POU LIMON?

Limon avèk odè mwazi yo raman mande teste. Premye etap lan ta dwe enspekte si gen dega dlo avèk nenpòt lòt kwasans limon vizib. Pwochen etap lan se ta debarase nou de tout limon vizib epi rezoud nenpòt ki pwoblèm imidite ki lakòz yon kondisyon mwazi. Pa genyen okenn standa pou nivo limon ki "akseptab" oubyen "pa akseptab" nan batiman yo. Tout test yo ta sipoze fèt pa yon espesyalis ki antrene pou sa.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Depatman Anviwonman Maryland
Asosyasyom Ijyèn Endisyriyèl Ameriken
EPA - Ajans Proteksyon Anviwonman
MedlinePlus – Bibliyotèk Nasional Medsin

1-800-633-6101
www.aiha.org
www.epa.gov
www.nlm.nih.gov/medlineplus/molds.html

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov
 facebook.com/MarylandOPR
 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov
 facebook.com/MarylandDHMH
 twitter.com/MDHealthDept

Adapted from "The Facts About Mold: For Everyone," The American Industrial Hygiene Association.



MARYLAND DEPARTMENT OF HEALTH
Office of Preparedness
and Response

Updated 04/2019